



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL  
EGZAMEN FEN ETID JIYÈ 2022

SERI : (SES- SVT-SMP)  
SEGONDÈ IV  
KREYÒL

TABATYÈ

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.  
2) Ou pa gen dwa pale nan sal

*Durée de l'épreuve : 2 heures 30*

**Enpòtans espò pou jèn yo**

Timoun yo dwe fè yon aktivite fizik chak jou. Aktivite fizik sa a ap pèmèt yo byen devlope epi amelyore sante fizik ak mantal yo. Lè w pratike reyèlman yon aktivite fizik konsa depi lè w piti, sa ap pèmèt ou evite kèk pwoblèm sante. Moun k ap fè rechèch nan domèn lamedsin obsève ris pou soufri tansyon, maladi sik, kansè nan trip, obezite ak pwoblèm kè parèt minim anpil lè w vin granmoun, si w te pratike yon espò lè w te timoun.

Answit, egzèsis fizik la se yon bon mwayen pou konbat estrès lakay timoun yo. Li pèmèt yo repoze pi byen epi kenbe kò yo djann. Li kapab amelyore tou aptitud yo nan domèn aritmetik, lekti ak memorizasyon. Anplis, li kontribye nan byennèt fizik timoun nan; espò a favorize devlopman sikolojik ak sosyal li. Espesyalis yo afime espò a kreye yon anviwònman enpòtan pou aprantisaj li.

Eksele nan yon disiplin se yon eksplwa sosyal enpòtan pou timoun yo, sa fè lòt kamarad yo aksepte yo pi vit pase lòt timoun ki gen menm laj ak yo. Jeneralman yo pi sosyab, yo toujou gen chans pou vin kapitèn ekip la oswa chef gwoup yo fè pati a. Espò a abitye yo fè efò pou vin pi bon chak jou; li pouse yo aji, fè aksyon. Lè w gen yon balon nan pye w fòk ou decide pase an aksyon rapidman. Konsa ou vin gen abitud pou ou pran desizyon ak aji. Anfen, espò a aprann ou viv ak lòt moun. Paske espò kolektif yo pa kapab pratike san bon jan kolaborasyon ak tout lòt patnè yo. Espò sa yo aprann nou konte sou lòt epi aji ansanm ak yo.

Paran yo ak antrenè yo dwe mete nan tèt yo kòm objektif prensipal ede timoun yo reyisi nan disiplin y ap pratike a. Sa ap kontribye pou ba yo plis valè epi entegre yo nan sosyete a. Yo kapab reyisi nan nenpòt disiplin. Fòk nou pran tan pou dekouvri kilès ladan yo ki ale ak chak timoun.

*Pierre Arnel Charles ak adaptasyon otè a (kreyòl Alèkile- Roldan Cétoute 2020, Pòtoprens, Ayiti)*

**PREMYE PATI**

**A) Konpreyansyon tèks (30 pwen/ 6 pwen pou chak bon repons)**

1. Nan domèn sosyal, montre ki jan espò a ka pèmèt yon timoun ki pratike l vin yon bon sitwayen.
2. Nan domèn lasante, kisa ki parèt minim anpil lè yon moun vin granmoun si li te pratike yon espò lè li te timoun?
3. Sou fòm diskou dirèk, reprann pawòl otè tèks la pou eksplike ki aptitud egzèsis fizik ka pèmèt devlope lakay yon timoun. Pa bliye aplike karakteristik diskou dirèk nan diskou rapòte.
4. Selon tèks la, Kisa paran yo dwe mete nan tèt yo kòm objektif prensipal?
5. Rezime tèks la nan 2 fraz.

**B) Gramè – Vokabèl – Tradiksyon (30 pwen/ 6 pwen pou chak bon repons)**

1. Konstwi yon fraz konplèks ki gen yon sibòdone sikonstansyèl kòz ak mo " espò ".
2. Tradui fraz sa a an kreyòl:  
Je suis un sportif, mais, je ne suis un sportif.
3. Jwenn 5 mo oswa ekspresyon ki gen rapò ak chan leksikal, " sante mantal " ki nan tèks la.
4. Bay 4 advèb ki fòme ak sifiks "mann" epi fè yon fraz ak chak.  
1. \_\_\_\_\_  
2. \_\_\_\_\_  
3. \_\_\_\_\_  
4. \_\_\_\_\_
5. Fè reprezantasyon grafik fraz anba a:  
"Timoun yo reyisi nan disiplin nan."

**DEZYÈM PATI**  
**CH-Literati (10 pwen/5 pwen pou chak bon repons)**

1. Ekri jan literè zèv say o nan kolòn a dwat la

| zèv           | Jan literè |
|---------------|------------|
|               |            |
| Zabèlbòk      |            |
| Lavi nan bouk |            |
| Pèlen tèt     |            |
| Choukoun      |            |

2. Bay non ak otè de (2) woman nan literati kreyòl ayisyen an ou konnen.
- 1- \_\_\_\_\_
- 2- \_\_\_\_\_

**TWAZYÈM PATI**  
**D- Pwodiksyon tèks, chwazi youn nan sijè sa yo, (30 pwen)**

- 1.- Aktivite espòtif se yon bagay ki enpòtan anpil pou devlopman fizik ak mantal timoun yo. Enstans konsène yo pa òganize chanpyona eskolè ankò. Antanke kapitèn yon disiplin espòtif nan yon lise oswa nan yon lekòl prive, ekri responsab yo pou ou mande yo rekòmanse ak chanpyona entèskolè a.
- 2.- Ou te gade yon final chanpyona foutbòl oswa baskètbòl, ekip ou chanpyon. Rakonte nou istwa sa a sou fòm repòtaj.
3. Konstwi yon tèks agimantatif pou ou bay opinyon pèsonel ou sou zafè espò an Ayiti. Tèks sa a dwe genyen youn oswa de sekans.